



Pou Piblikasyon Imedya: 28/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON REKÒ NAN ZAFÈ TOURIS POU ETA NEW YORK

306.3 milyon vizitè istorik te eksplòre Empire State an 2023 – yon rekò nan istwa Eta New York

Sektè touris la te jenere 88 milya dola nan depans dirèk ak 137 milya dola nan enpak ekonomik total, ki depase rekò anvan an, an 2022

Anvan sezon vwayaj otòn, rapò sou feyaj an otòn I LOVE NY yo ap kòmanse 12 septanm

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a New York te resevwa yon chif rekò 306.3 milyon vizitè nan ane 2023, pandan y ap fikse tou nouvo rekò istorik nan depans dirèk vizitè yo ak enpak ekonomik total ki asosye ak endistri touris eta a. Vizitè ki te nan Eta New York yo te kontribiye nan yon nivo rekò 88 milya dola nan depans dirèk, epi yo te sipòte yon enpak ekonomik total istorik 137 milya dola atravè eta a. Gouvènè a te fè anons la nan Gran Fwa Eta New York la, yon atraksyon touris sezoniyè ki trè popilè ak yon motè ekonomik. Done sa yo, ki te konpile nan yon seri [rapò Tourism Economics te prepare](#), reprezante gwo pwogrès parapò ak chif rekò depi ane 2022 a, epi vrèman depase pi gwo chif yo te atenn anvan pandemi COVID-19 la.

"Eta New York se sinonim touris; li fè pati estrikti, istwa ak ekonomi eta nou an ki vrèman divèsifye," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap apwoche sezon feyaj ak vwayaj an otòn, n ap akeyi plis vizitè pase tout tan, epi prezans yo ap sipòte biznis ak kominote nan chak kwen eta a."

Ane pase, enpak ekonomik touris total nan tout eta a te atenn yon nivo rekò 137 milya dola, ki reprezante yon ogmantasyon 11 pousan parapò a 2022. Depans dirèk vizitè yo te ogmante tou prèske 12 pousan soti 78.6 milya dola an 2022 a 88 milya dola an 2023 – swa yon twazyèm ane konsekitif kwasans a de chif. Eta New York te benefisye tou yon ogmantasyon senk pousan nan vizit ki te gen 306.3 milyon vwayajè, parapò a 291.5 milyon dola an 2022. Anplis de sa, resèt fiskal eta ak lokal sektè touris la te jenere, te pèmèt fanmi mwayen Eta New York yo ekonomize 1,420 dola nan taks.

Rapò Tourism Economics yo detaye enpòtan endistri a nan tout eta a ak nan nivo rejyonal, epi li souliyen Eta New York rete non sèlman yon destinasyon prensipal, men tou demann vwayaj yo rete wo nan peryòd apre pandemi an. Chak nan 11 rejyon vakans eta a te eksperimente yon kwasans dirab, Finger Lakes, rejyon Greater Niagara, Long Island ak Vil New York, tout te anrejistre yon ogmantasyon nan depans vizitè yo ki depase 10 pousan. Pandan ke depans vizitè nasyonal yo domine ekonomi vwayaj New York la, kwasans depans vizitè Kanadyen ak etranje yo te depase pa vwayajè nasyonal yo.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Investisman estratejik Eta New York fè nan endistri touris pandan manda Gouvènè Hochul la kontinye ap jenere benefis alòske n ap akeyi plis vizitè toujou atravè mond lan nan eta nou an. Dènye chif yo montre Eta New York ak atraksyon inik li yo kontinye atire vizitè atravè mond lan, sa ki kontribiye nan kwasans ekonomik rejyonal ak nan tout eta a".

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Pandan kèk ekspè te krent yon ogmantasyon espekilatif nan sektè touris la apre COVID grasa vwayajè ki t ap satisfè demann yo ki te refoule an 2022, sektè touris Eta New York pa t montre okenn siy pou l te dekouraje an 2023, epi li te defye tout atant lè li te atenn yon nivo rekò nan vizit, depans vizitè yo, enpak ekonomik ak jenerasyon taks. Siksè sa yo se yon omaj pou travay kolektif endistri touris la nan eta a ki kontinye montre kreyativite, tenasite ak dinamik pou ankouraje vwayajè yo dekouvri jan li fasil pou renmen New York."

Gouvènè Hochul te sipòte ak priyore endistri touris New York la – youn nan motè ekonomik kle eta a. Nan kad lidèchip li, nouvo pwogram tankou inisyativ vwayaj I LOVE NY Black te lanse pou ogmante vizit yo, ak pwogram istorik relans apre pandemi "Tounen ak Touris, Tounen ak Djòb" (Bring Back Tourism, Bring Back Jobs) la te sipòte biznis ak anplwaye nan endistri vwayaj yo, epi li te pèmèt yo reyalize nouvo evènman nan eta a. Ane pase, yo te bay prèske 15 milyon dola nan sibvansyon Market New York a 59 pwojè ak evènman touris atravè inisyativ Konsèy Rejyonal Devlopman Ekonomik la (Regional Economic Development Council, REDC). Anplis de sa a, yo te bay plis pase 14 milyon dola sibvansyon bay 30 òganizasyon maketing destinasyon lokal ak rejyonal atravè Pwogram Sibvansyon Sou-Prim Patnè Touris EDA (EDA Tourism Partner Sub-Awards Grant Program). Gouvènè a te anonse tou amelyorasyon radikal nan enfrastruktir touris la tankou pak ak ayewopò eta yo, ansanm ak efò maketing konplè I LOVE NY la pou ankouraje vwayaj nan tout Eta New York.

Senatè Eta Jose M. Serrano te deklare, "Touris se yon motè ekonomik enpòtan pou Eta New York, e nouvo done yo montre ke moun yo kontinye ap vin dekouvri òf inik eta a. Antanke Prezidan Komite Sena pou Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi, mwen kontan anpil pou kwasans kontinyèl eta a nan endistri enpòtan sa a, epi mwen espere ke gen plis vwayajè toujou k ap vin vizite New York pandan sezon otòn sa a."

Manm Asanble Daniel O'Donnell, te deklare, "Kòm Prezidan Komite pou Devlopman Touris, Pak, Atizay, ak Espò, mwen kontan anpil pou m pataje ke New York te atenn rekò nan touris an 2023. Reyalizasyon sa a refleto yon ogmantasyon nan touris atravè tout Eta New York ki pa t kapab posib san efò devwe tout moun nan endistri touris la epi san politik efikas ki sipòte sektè touris New York la. Malgre sezon ete a ap fini, gen anpil bagay toujou pou n wè nan New York pandan sezon otòn ak sezon ivè nou yo. Ansanm, n ap kontinye konsolide pozisyon New York kòm yon pi gwo destinasyon mondyal."

Anons jodi a fèt anvan sezon vwayaj otòn lan, youn nan moman ki pi popilè pou rezidan ak vizitè yo vwayaje atravè eta a. Eta New York gen youn nan sezon feyaj ki pi long ak pi anime nan peyi a, li akeyi vizitè atravè mond lan k ap eksplòre atraksyon sezonnyè yo atravè rejyon inik ak divèsifye eta a. Pou ede vwayajè yo planifye yon eskapad an otòn, I LOVE NY pral lanse rapò chak semèn sou feyaj an otòn li yo nan dat jedi 12 septanm, ak mizajou y ap pibliye chak mèkredi pandan tout sezon an.

Yo konpile rapò feyaj an otòn chak semèn I LOVE NY yo lè yo sèvi avèk obsèvasyon ki fèt sou plas nan men yon ekip ki gen plis pase 85 volontè atravè 11 rejyon vakans eta a. Obsèvatè yo swiv chanjman koulè nan zòn yo ak detay koulè dominan fèy yo, pousantaj tranzisyon total, ak pwogresyon an parapò ak kondisyon maksimal yo pou wikenn kap vini an. Yo konsidere kondisyon maksimal yo kòm pi bon aspè feyaj la nan yon sezon detèmine, epi ki rive jeneralman ant fen mwa septanm ak mitan mwa novanm, tou depann de kote a.

Nan kad rapò a, kat entèaktif feyaj sou sit entènèt [I LOVE NY](#) swiv chanjman chak semèn ak pwogresyon pandan tout sezon an. Kat la pwopoze pozisyon yo rekòmande pou gade, egzanp feyaj maksimal nan zòn ki deziyen yo, ak enfòmasyon sou atraksyon lokal ak rejyonal popilè. Yo envite vwayajè yo pataje pi bèl foto feyaj Eta New York yo sou rezo sosyal yo lè yo itilize hashtag #NYLovesFall pou yo gen yon chans pou yo parèt sou sit entènèt I LOVE NY ak kont ofisyèl rezo sosyal yo, tankou [Instagram](#), [Facebook](#), [X](#) (li te rele Twitter anvan) ak [Threads](#), ki atenn plis pase de milyon abone.

Rapò ak kat entèaktif feyaj la disponib nan www.iloveny.com/foliage, oswa rele gratis nan 800-CALL-NYS (800-225-5697) apati nenpòt kote nan peyi Etazini, teritwa li yo ak Kanada.

Pwogram sou feyaj an otòn lan se sèlman yon pati nan kanpay global I LOVE NY pou ankouraje touris an otòn, ki gen ladann yon piblisite televize ki gen pou fèt. Vwayajè yo ka eksplòre tout atraksyon ak aktivite enteresan k ap tann yo nan eta a pandan otòn sa a - soti nan keyi pòm ak joumou ak aktivite Halloween ki ante yo, randone, santye bwason atizanal ak evènman espesyal nan Path Through History Weekend – nan www.iloveny.com/fall.

Pou plis enfòmasyon sou touris nan New York oswa pou planifye yon eskapad nan Eta New York, vizite www.iloveny.com.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)